шиеся прежние методы хозяйствования и управления хозяйством. Перекосы в содержании перестроечной аграрной политики, постоянная оглядка руководящего состава на прежние методы хозяйствования негативным образом сказались на экономической деятельности хозяйств края, которые были лишены хозяйственной самостоятельности, прав в определении размеров оплаты труда, распределении и использовании продукции и прибыли, в выборе рынка сбыта и цен. Дехкани не были в состоянии в полной мере использовать потенциал орошаемого земледелия и продолжали по существу оставаться наемной рабочей силой, а не хозяином земли. Все это в конечном итоге отрицательно сказалось на их хозяйственной деятельности, которые продолжали не эффективно работать, в результате которой медленно и противоречиво осуществлялись мероприятия по качественному улучшению сельскохозяйственной отрасли Каракалпакстана.

**Литература**


1. АЖК РК Ф.1 оп.60, д.200, л.3.
2. АЖК РК Ф.1, оп.58, д.202, л.50-51; оп.60, д.178, л.64; Рзаев К. Рыночные проблемы сельской экономики Каракалпакстана. – Н. «Каракалпакстан», 1993. -С.97.
3. АЖК РК Ф.1, оп.58, д.202, л.113-114; д.282, л.32.
4. ЦГА РК ф.322, оп.7, Ед.хр. 59, л.121.
5. АЖК РК ф.1, оп.53, д.2, л.2-3.
6. АЖК РК ф.1, оп.58, д.202, л.107-108.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада XX аср 80-йилларининг иккинчи яримида Қорақалпоғистон қишлоқ хўжалигида янги иқтисодий муносабатларни шакллантиришда муаммолари очиб берилди.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье освещаются проблемы формирования новых экономических отношений в сельском хозяйстве Каракалпакстана во второй половине 80-х годов XX века

**SUMMARY.** The article reveals the problems of formation of new economic relations on agroculture of Karakalpakstan in second half of 80 years of XX th century.


## БАЗАР ЭКОНОМИКАСЫНА ДӘСЛЕПКИ ӨТИЎ ДӘЎИРИНДЕ ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДА САНААТ ҚӘРХАНАЛАРЫНЫҢ СЫРТҚЫ ЭКОНОМИКАЛЫҚ БАЙЛАНЫСЛАРЫ ТАРИЙХЫНАН


**А.К.Сарыбаев** – *тарийх илимлериниң кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*
**А.А.Ктайбеков** – *4-курс талаба*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*



**Таянч сўзлар:** бозор иқтисодиёти, иқтисодий вазият, иқтисодиётнинг бир томонлама ривожланиши, саноат салоҳиятини ривожлантириш, ҳорижий инвестициялар, қўшма корхоналар.

**Ключевые слова:** рыночная экономика, экономическое положение, однобокое развитие экономики, развитие промышленного потенциала, зарубежные инвестиции, совместные предприятия.

**Key words:** market economy, economic situation, onesided economic development, development of industrial potential, foreign investments, joint factories


1991-жыл ғәрезсизлигимизге ерискеннен соң Өзбекстан Республикасы биринши мәртебе өз-бетинше халық аралық аренаға шықты хәм дүньяның хәр қыйлы мәмлекетлери менен туўры дипломатиялық, экономикалық хәм мәдений байланысларды орнатыўыға мүмкиншиликке ийе болды. Өзбекстанда, сол қатарда Қарақалпақстанда экономикалық реформаларды өткериўдиң тийкарғы бағдары бири болған сыртқы экономикалық искерликти раўажландырыў ушын көплеген илажлар исленди. Тең ҳуқықлы хәм өз ара пайдалы бирге ислесиў принциплерин сақлаған ҳалда дүньяның көплеген еллери менен қатнасықларды раўажланыдырыўға бағдарланған «Ашық есиклер» сыртқы экономикалық сиясат қәлиплестирилди.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң 1992-жылдың 7-июлиндеги №125 хәм Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 1992-жылдың 14-сентябриндеги №221/9 қарары тийкарында сыртқы экономикалық сиясатты әмелге асырыў мәселеси менен шуғылланатуғын арнаўлы мәмлекетлик орган – Қарақалпақстан Республикасы сыртқы экономикалық байланыслар министрлиги (ҚР СЭБМ) дүзилди. Бул орган Қарақалпақстандағы министрликлер, мекемелер, кәрханалар хәм шөлкемлердиң жумысының сыртқы экономикалық искерлигин Өзбекстан Республикасының бир тутас сыртқы экономикалық сиясаты шеңберинде координациялаўға, сыртқы базарда олардың мәплерин қорғаўға, шет еллер менен экономикалық, техникалық бирге ислесиўлери эффектлигин көтериўге жәрдемлесиў, республикаға сырт ел инвестициаларын тартыў хәм т.б. миннетленген еди [1:23].

Усы искерлик рамкасында Қарақалпақстан Республикасы сыртқы экономикалық байланыслар Министрлиги тәрепинен изертленип атырған жыллары Өзбекстанда аккредацияланған халық аралық финанс шөлкемлери, дүнья еллериниң фирма хәм компаниялары, дипломатиялық ўәкиллери менен хәр қыйлы тараўларда бирге ислеў ҳаққында ушырасыўлар хәм сөйлесиўлер алып барылды. Жүзден артық келисимлер дүзилип, олардың бир бөлими кейин ала Қарақалпақстан Республикасы хәм шет еллер ортасында шәртнамалар дүзиў хәм бирге ислесиўдиң формаларын раўажландырыў ушын тийкар болды.

Қарақалпақстан Республикасы бай тәбийий минерал-шийки зат хәм мийнет потенциалына ийе бола тура оларды толық қолланыў ушын жеткиликли финанс ресурсларына ийе болмады. Сол себепли өндиристе структуралық өзгерислерди хәм халық хожалықты раўажланыў ушын үлкениң санаат кәрханаларын қурыўға хәм оларға жаңа өндирис технологияларын енгизиўге бағдарланған шет ел инвестицияларын актив түрде киргизиў арқалы әмелге асырыў мүмкин еди. Сонлықтан да Қарақалпақстан Республикасының СЭБМ басқармаларды хәм республикадағы барлық мүлк формасындағы кәрхана хәм шөлкемлерди Өзбекстан Республикасының жалғыз сыртқы экономикалық сиясаты шегарасында координациялаў хәм тәртипке салыў, сыртқы базарда мәмлекетлик мәплерди тәмийинлеў, сырт еллер менен техникалық саўда хәм экономикалық бирге ислесиўдиң эффективлигин жоқарылатыў республикаға шет ел инвестицияларын киргизиў бойынша жумысларды активлестириў, сыртқы экономикалық ислерине қатнасыўшыларға керекли шараятларды жаратып бериў ҳ.т.б. тапсырмалары қойылды.

Қарақалпақстан Республикасы СЭБМ арқалы халық аралық финанс шөлкемлериниң (дунья жүзлик банк, ЕБРР, АБР, ОБСЕ ҳ.т.б.) дүньяның көплеген мәмлекетлериниң фирмаларының хәм компанияларының, ўәкиллери менен Өзбекстандағы дипломатиялық ўәкилханалардың хызметкерлери менен хәр қыйлы тараўларда бирге ислесиўлер ҳаққында ушырасыўлар хәм сөйлесиўлер өткериледи. Шет еллер партнерлар менен сөйлесиўлер даўамында келисимлерге қол қойылған

болып, олардың бир бөлими кейин ала Қарақалпақстан ҳәм шет ел мәмлекетлери арасындағы бирге ислесиў раўажландырыўдың ҳәм ҳәр тәреплеме пайдалы шәртнамалар дүзиўге тийкар болғанлығын Қарақалпақстан Республикасы экономиканың санаат ҳәм басқа тараўындағы усы дәўириндеги сыртқы экономикалық байланысларын изертлеў материаллары көрсетеди.

Жоқарыда айтылғандай Қарақалпақстанда жобаластырылған хожалық ҳәм буйрықпазлық басқарыўдың 70-жыллық дәўиринде халық хожалығының белгили структурасы қәлиплесип, онда республика экономикасы шийки өним таярлаў өндирисиге ийе болды. Үлкениң өндирисиниң бундай бағдарланғанлығы оның мәпине белгили муғдарда сәйкес келди, бирақ таяр зат ислеп шығарыўға бағдарланған санаат өндирисин күшейтиўдеги Қарақалпақстанның экономикалық потенциалын ҳәм мүмкиншиликлерин толық есапқа алмады. Тек ғана ХХ әсирдиң 90-жылларының басында, мәмлекетлик ғәрезсизликке ерискен соң Өзбекстан Республикасы үлкениң экономикалық раўажланыўында ири өзгерислерди әмелге асырыўға мүмкиншилик алған ўақытта ғана жағдай өзгере баслады. Усыған байланыслы оның бурынғы тийкарынан тек аграр шийки өним таярлайтуғын ондирис жағдайын өзгертиў экономикалық ғәрезсизлигин, соның менен бирге жақсы турмыс шараятларын тәмийнлеўши жаңа халық-хожалығы комплексин жаратыў ушын мәмлекет экономикасының структурасын түпкиликли өзгертиў ўазыйпалары қойылды.

Ғәрезсизлик жылларында Қарақалпақстанда да экономикалық сиясат түпкиликли өзгерди. 1993-жыл Қарақалпақстан Республикасының Жоқары Кеңесиниң XIII сессиясында «1993-2000-жыллар ҳәм 2005-жылға шекемги дәўирде Қарақалпақстанның экономикасын ҳәм социаллық тараўын раўажландырыўдың тийкарғы бағдарларының концепциясы» [2:1] қабыл етилип, ол экономиканың бир тәреплеме шийки затлық бағдарланғанлығынан қутылыў ҳәм бар минерал-шийки зат ресурсларын ҳәм аўыл-хожалық шийки-затын қайта ислеўди шөлкемлестириў тийкарында таяр өним жетистириўди тәмийинлеўдиң тийкарғы бағдарламасына айланды. Бунда 51 санаат объектин қурыў көзде тутылған болып, олардың арасында салыстырмалы аз қаржы талап ететуғын ҳәм тез арада өзин-өзи ақлаўлары мүмкин болған Нөкис ҳәм Бостан қалаларында тоқымашылық комплексlink қурылыслары биринши орында турды. Пахтаны соңғы өнимге шекем қайта ислеўдиң барлық басқышларын өз ишине алыўшы тоқымашылық комплексиниң қурылысы Қарақалпақстан ушын үлкен халық-хожалық әҳмийетке ийе еди.

Соның менен бирге 90-жыллардың басларында жағдай сондай еди, республика жүдә үлкен шийки зат ҳәм мийнет потенциалына ийе болып оларды толық қолланыў ушын жеткиликли финанс ресурсларына ийе болмады. Бундай жағдайды өз ара пайдалы шәртнамаларды дүзиў жолы менен шет ел шериклериниң жәрдеминде өзгертиў мүмкин еди, мәселен, жергиликли шийки зат ҳәм раўажланған еллердиң жоқары сапалы технологиясы базасында санаат кәрханалар қурылысында. Усы нәрсе Өзбекстан ҳүкиметин экономикалық бурынғы шийки затлық бағдарланғанлығын басып өтиўдиң әҳмийетли факторы сыпатында жәҳән хожалық байланысларын күшейтиўге ийтермеледи. Мәмлекетлик ғәрезсизликке ерисиў Өзбекстанға, соның менен бирге Қарақалпақстанға тек ғана ишки емес сыртқы ғәрезсиз экономикалық сиясат алып барыў мүмкиншилигин берди. Халық аралық базарға туўры ҳәм ашықтан-ашық шығыў, соның менен бирге өз алдына туўры сыртқы байланыслар орнатыў мүмкин болды. Өзбекстанның Туркия менен рәсмий экономикалық келисими, бирге ислесиў бойынша Қытай менен 1992-жыл 13-мартта, Қубла Корея менен 1992-жыл 17-июньде, Малайзия 1992-жыл 20 июньде, Пакистан менен 1992-жыл 13 августа, Иран менен 1992-жыл 25-ноябрьде қос қойылған 19 документ ҳәм басқалар усы мәмлекетлер менен республикамыздың еркин бирге ислесиўи ушын жол ашты [3:22].

Нәтийжеде 1993-1994-жылларда Нөкис ҳәм Бостан қалаларында еки тоқымашылық кәрхана иске түсирилди. Бул Қарақалпақстанның тарийхында бурылыс дәўири болды. Себеби, биринши мәрте республикада толық цикл - пахта ғөрегинен таяр тоқымашылық өнимине шекемги кәрхана технологиясы жаратылды. Бул жерде тек ғана өним ислеп шығарыўды көбейтиў ҳаққында гәп кетип атырған жоқ - бизиң үлкен ҳәм мийнет байлығының - пахтаны қолланыўдың структурасы түпкиликли өзгерди ҳәм республикада бундай тоқымашылық комплекслерин жаратыў ишки базарды өз өндирис өнимлери менен толтырыў ҳәм мәмлекеттиң экспорт потенциалын кеңейтиў сол басқышында ең алдыңғы бағдарлардың бирине айланған Өзбекстанның ғәрезсизлик жылларындағы мақсетке бағдарланған экономикалық сиясатының нәтийжеси болды.

Сырт ел капиталын жоқары нәтийжели заманагөй өндиристи дүзиўге тартыў ишки экономикалық жумыста жүрип атырған экономикалық реформаның ҳәзирги заман өндирисиниң ең әҳмийетли ажыралмас бир бөлеги болып табылады. Изертленип атырған дәўирде Қарақалпақстан Республикасыда қоспа қәрханаларды жаратыў жумысларда шет ел инвестицияларын енгизиў жумыслары да алып барылды. Нәтийжеде республика да бир неше қоспа қарханалар пайда болды. Булар ҳаққында 1993-1995-жылларындағы шет ел инвестиция қатнасыўында Қарақалпақстан Республикасында қоспа қәрханалардың искелиги ҳаққында мағлыўматлар төмендеги таблицада бериледи [4:6,19-20].

| № | Көрсеткишлер | 1993 жыл | 1994 жыл | 1995 жыл |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Дүзилген қоспа кәрханалардың саны | 5 | 5 | 4 |
| 2 | Ҳәрекеттеги қоспа кәрханалардың саны (1 янв). | 3 | 6 | 4 |
| 3 | Кирителген шет ел капиталының улыўма көлеми (мын. долл) | 1.112 | 52.500 | 8.033 |
| 4 | Қоспа кәрханаларда жаңадан шөлкемлестирилген жумыс орынларының саны (орын) | 17 | 39 | 97 |
| 5 | Қоспа кәрханалардың өндирис товарларының ҳәм хызмет көрсетиўиниң көлеми (мын. сум) | - | - | 8498.3 |

Солай етип, 1991-1992 жыллары Республикада сырт ел инвестициясы менен тек 3 қоспа кәрхана есапқа алынған болса 1993-жылы Индия, Түркия, Бельгия ҳәм Қытай мәмлекетлериниң капиталаның қатнасыў менен Қарақалпақстанда 5 қоспа қархана дүзилди, сол жылы олардың 3 ислеп турды. 1994-жылы кореялық, швейцарлық, итальян ҳәм россиялық капиталларының қатнасыўында және 5 қоспа кәрхана пайда болды ҳәм нәтийжеде республикада қоспа қәрханалардың саны 10 ға жетти, олардың 6 ислеп турды. 1995-жылы Түркия, Россия ҳәм Қырғызстан мәмлекетлериниң инвестиция жәрдеминде және де 4 қоспа қәрханалар дүзилди ҳәм Қарақалпақстан Республикасында қоспа қәрханалардың саны 14 болды, бирақ олардын ишинде тек ғана 4 ислеп турды.

Солай етип, ХХ әсирдиң 90-жылларының биринши ярымында Қарақалпақстанның сыртқы экономикалық байланысларының искерлигин бахалай отырып, ол

үлкен өзгерислерге ийе болғанын ҳәм онда Қарақалпақстан Республикасы сыртқы экономикалық байланыслар министрлигиниң дүзилиўи үлкен әҳмийетке ийе болды. Базар экономикасына дәслепки өтиў дәўиринде үлкедеги аўыр экономикалық шараяттында ол сыртқы базарда Қарақалпақстандағы министрликлери, мекемелери, кәрханалары ҳәм шөлкемлериниң мәмлекетлик қызығыўшылығын тәмийинлеў, сырт еллер менен экономикалық, техникалық ҳәм саўда тараўында бирге ислесиўдиң нәтийжелилигин арттырыў, сырт ел инвестицияларын республикаға тартыў бойынша жумысларды жеделлестириў, сыртқы экономикалық байланыс қатнасыўшыларына қолайлы жумыс жағдайын туўдырып бериўде жедел жумыс алып барды. Бул өз гезегинде республиканың раўажланыўдың кейинги басқышына өтиўге жақсы басланғыш шараятлар жаратыўға мүмкиншилик бергенин көремиз.

**Әдебиятлар**

1. КА. Қарақалпақстан Республикасы сыртқы экономикалық байланыслар министрлиги. Папка-1. ҚР СЭБМ Уставы.
2. /«Вести Каракалпакстана». 1993 г. 14 августа
3. Кучаров Ч. Экономические связи Республики Узбекистан со странами Азии (1985-1995 гг.). Автореф.дисс..к.и.н. -Т.: 1996.
4. ТА МВЭС РК. Папка-7. Данные отдела координации и регулирования ВЭД. Отчеты об итогах внешнеэкономической деятельности РК за 1993-1995.

**РЕЗЮМЕ.** Ушбу мақолада Қорақалпоғистон Республикасининг ташқи иқтисодий фаолиятини ривожлантириш масалалари муҳокама қилинади. Бозор иқтисодиятига ўтишнинг дастлабки даврида вилоят саноат корхоналарида хорижий давлатлар сармояларидан фойдаланиш жараёнлари кўрсатилган.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье рассматриваются вопросы развития внешнеэкономической деятельности Республики Каракалпакстан. Показаны процессы использования инвестиции зарубежных стран в промышленных предприятиях края в начальный период перехода на рыночную экономику.

**SUMMARY.** This article discusses the development of foreign economic activity of the Republic of Karakalpakstan. The processes of using investments from foreign countries in industrial enterprises of the region during the initial period of transition to a market economy are shown.

## ОБЕСПЕЧЕНИЕ ГЕНДЕРНОГО РАВЕНСТВА КАК ВАЖНОЕ НАПРАВЛЕНИЕ РЕФОРМ В СОВРЕМЕННОМ УЗБЕКИСТАНЕ

**З.П.Сеитова** – *доктор социологических наук, доцент*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

**Таянч сўзлар**: Ўзбекистон, гендер, Қонунлар, сиёсатлар, Оила кодекси
**Ключевые слова:** Узбекистан, гендер,Законы, политика,Семейный кодекс.
**Key words:** Uzbekistan, gender, Laws, policies, Family Code.

В Узбекистане вопросы гендерного равенства являются одними из приоритетных направлений государственной политики. Гендерное равенство в Узбекистане стало частью государственной политики начиная с 1991 г. Закреплены на нормативно-правовом уровне, прежде всего, в Конституции, принципы недискриминации и равноправия женщин и мужчин.

Статья 46 Основного закона гласит: «Женщины и мужчины имеют равные права» [1]. В 2019 г. принят Закон Республики Узбекистан «О гарантиях равных прав и возможностей для женщин и мужчин». Закон регулирует отношения «в сфере обеспечения равных прав и возможностей для женщин и мужчин» [2].

Он определяет, что «основными принципами обеспечения гарантий равных прав и возможностей для женщин и мужчин являются законность; демократизм; равноправие женщин и мужчин; недопустимость дискриминации по признаку пола; открытость и прозрачность» [2].

Согласно Закону, «государство гарантирует женщинам и мужчинам равноправие при осуществлении личных, политических, экономических, социальных и культурных прав». «Государство гарантирует женщинам и мужчинам равное участие в управлении делами общества и государства, избирательном процессе, обеспечение равных прав и возможностей в сфере охраны здоровья, образования, науки, культуры, труда и социальной защиты, а также в иных сферах государственной и общественной жизни».

Кроме того, «в целях достижения фактического равенства между женщинами и мужчинами, расширения их участия во всех сферах жизни общества, устранения и предотвращения прямой и косвенной дискриминации по признаку пола государством принимаются временные специальные меры по обеспечению реализации гендерной политики».

Основные направления политики страны в области обеспечения гендерного равенства состоят в следующем:- «формирование и совершенствование нормативно-правовой базы в данной сфере»;- «разработка и реализация государственных программ, национальных планов действий и стратегий в данной сфере»;- «формирование культуры равных прав и возможностей для женщин и мужчин»;- «обеспечение равного участия женщин и мужчин в управлении делами общества и государства»;- «обеспечение равных прав и возможностей для женщин и мужчин в совмещении трудовых и семейных обязанностей»;- «социальная защита и поддержка семьи, детства, формирование ответственного материнства и отцовства»;- «защита общества от информации, направленной на прямую и косвенную дискриминацию по признаку пола»;- «привлечение органов самоуправления граждан, негосударственных некоммерческих организаций и других институтов гражданского общества к разработке и реализации государственных программ, национальных планов действий и стратегий в данной сфере»;- «финансирование мер по обеспечению равных прав и возможностей для женщин и мужчин за счет средств Государственного бюджета Республики Узбекистан и иных источников, не запрещенных законодательством»;

- «развитие эффективного сотрудничества на национальном, региональном и международном уровнях в целях достижения равных прав и возможностей для женщин и мужчин» [3:5].

Важным дополнением к нормативно-правовой базе Республики Узбекистан, обеспечивающую равные права и защиту прав женщин, является Трудовой кодекс Республики Узбекистан.

Семейный кодекс Республики Узбекистан фиксирует, что «все граждане имеют равные права в семейных отношениях. Не допускается какое бы то ни было прямое или косвенное ограничение прав, установление прямых либо косвенных преимуществ при вступлении в брак и вмешательство в семейные отношения в зависимости от пола, расы,